# XALIQ AWIZEKI DO'RETPELERI BOLG'AN JAN'ILTPASHLARDIN' BALALARDIN' TILIN O'SIRIWDE A'HMIYETI.

**Gulzar Jumamuratova**
**Tumaris Azizova**
*O'zbekiston Pedagogika ilim izertlew institutı*
*Qaraqalpaqstan filialı ilimiy xızmetkerleri*

**Резюме:** *Мазкур мақолада қорақалпоқ халқ педагогикасининг тарбиявий аҳамияти тўғрисида сўз боради.*

**Резюме:** *В данной статье рассказывается воспитательный значимость каракалпакской народной педагогики.*

**Summary:** *This article describes the educational significance of Karakalpak folk pedagogy.*

**Таянч сўзлар**: *Қораколпоқ халқ педагогикаси, тарбия, фольклор* .

**Ключевые слова:** *Каракалпакская народная педагогика, воспитания фольклор.*

**Key words;** *Karakalpak folk pedagogy, education, folklore*.

Jan'ıltpashlar folklordın' basqa janrları sıyaqlı ju'da' eski da'wirleri do'retilgen. Olar uzaq da'wirler dawamında xalıq arasında, a'sirese balalar tilinde aytılıp keledi.

Olar tek qaraqalpaq awızeki xalıq do'retpesinde g'ana emes, al tu'rkiy xalıqlardın' folklorında, sonday-aq du'nya xalıqları folklorında bar janr. Bul janr ha'r bir xalıqtın' til o'zgesheligine baylanıslı qurıladı ha'm aytıladı. Biraq olardın' barlıq xalıqlarda da tiykarg'ı maqseti so'z oyını ekeni sezilip turadı. Mısalı, qıyın sesti, yaki qıyın so'zdi tez aytıw menen aytıp atırgan balanın' (ulkenlerde aytadı –K.P.) aljasıwı kulki tuwdıradı. So'zdi du'rıs aytıw sha'rt, eger onı ayta almasa ku'lkige qalasan'. Bul ma'selenin' tiykarı bolsa kerek. Al jan'ıltpashlar arqalı balalardın' tez ha'm durıs so'ylewine erisiwi sol so'z oyınının' na'tiyjesinde payda bolsa kerek.

Jan'ıltpashlar mazmunı boyınsha belgili bir oydı beriwi yaki bermewi de mu'mkin. Biraq, olarda ta'kirarlawda qıyınlıq tuwdıratug'ın birgelkili so'zkerdin' bolıwı sha'rt. Bul jan'ıltpashlardın' en' negizgi o'zgesheliklerinen esaplanadı. Shart boyınsha tekst qatarların shaqqan, tez-tez so'zlerdi ha'm seslerdi aljaspay tolıq durıs aytıw kerek. Sonlıqtan, jan'ıltpashlardın' teksti aytıwg'a qıyın, lekin ha'r bir balanın' so'zlerdi ha'm ondag'ı seslerdi aljaspay shaqqan aytıwı ha'm tilin jatlıqtırıwı ushın qıyınnan qıyıstırılıp du'ziledi. Mısalı,

Atız ishi tolı ko'k sho'p,

Jayılıp ju'r ko'p a'tsho'k,
Ko'p a'tsho'k, ko'k a'tsho'k,
Ko'k a'tshok, ko'p a'tsho'k,
Ko'k  sho'p ko'k, ko'k sho'p ko'p.

A'lbette, mısaldan ko'rinip turg'anınday, jan'ıltpash teksti qıyın, biraq qayta qayta  aytıw, shınıg'ıw islew arqalı bala durıs aytıwg'a u'yrenedi.

Balalardın', jan'ıltpash aytıwı medichinalıq jaqtan da u'lken a'hmiyetke iye ekenligi da'lillengen. Sebebi, ayırım balalardın' tilinde nuqsanı bolıp, ayırım seslerdi ayta almawı, so'zlerdi buzıp aytıwı, tutlıg'ıp, ısıldap shala-sharpı so'ylewi qusag'an xalatlar ko'p ushırasadı. Ayırım balalar eseyip u'lkeygenshe "R" sesin "iy", "ıl" dep durıs ayta almay ju'redi. Sonlıqtan da, jan'ıltpashdı aytıw til tamırların, qaytımların rawajlandırıp, tilin jatlıqtıradı ha'm adamlar menen qarım-qatnas jasawda bala so'zlerdi anıq ha'm durıs, tu'sinikli etip so'ylew da'rejesine jetedi.

Belgili folklorshı alım, professor Ayımbetov "Balalar durıs so'ylew maqsetinde jan'ıltpash aytısqan.  Jan'ıltpash balanın' tilin jatlıqtıradı. So'zlerdi jan'ılmay aytıwg'a u'yretedi. Jan'ıltpash  xalıq awızeki a'debiyatının' basqa tu'rlerine qarag'anda balalar a'debiyatında ken'nen orın alg'an" ("Xalıq danalıg'ı", No'kis, 1988.) dep jazadı. Haqıyqatında da, jan'ıltpash balalar ushın ıqsham qolaylastırılg'an folklorlıq  janrının' bir tu'ri.  Bunda bala bir-birine uqsas seslerden quralg'an so'zlerdi shaqqan ha'm tez, shatastırmay, jan'ılıspay u'sh-to'rt ma'rtebe aytıwı sha'rt. Eger irkilip qalsa yaki jan'ılısıp ketse bala oyınnan utılg'an bolıp esaplanadı. Mısalı,

Bizin' ko'she sizin' ko'she
Bizin' ko'shede ko'p sho'je,
Sizin' ko'shede ko'p sho'je,
Ba'ride ko'p sho'je, ko'k sho'je.

Ko'rip turg'anımızday, bul jan'ıltpashlardı balanın' qa'tesiz, aljaspay, jan'ılıspay aytıwı qıyın.  Solay da bolsa, qayta-qayta ta'kirarlap aytıw na'tiyjesinde balanın' tili u'yrenip so'zlerdi anıq ayta alatug'ın boladı. Ekinshi ta'repten balanın' oyı ha'm tu'sinigi rawajlanadı. Birinshi qatarda sho'jenin' ko'pligi aytılıwı menen birge, olar aq, sari, ko'k, qara ha'r qıylı ren'de bolatug'ınlıg'ı haqqında tu'sinikke iye boladı. Al, ekinshi qatarda so'k haqqında aytılıp, onın' to'giliwi mashaqat alıp keletug'ınlıg'ı, jıynaw, teriw qıyın ekenligi uqtırıladı.

Jan'ıltpash so'zi o'zinin' aytıp turg'anınday-aq "Jan'ılt", "Jan'ıldırıw", "Jan'ılıstırıw", sonın' menen birge "Jan'ıltpash" degen mag'ananı an'latadı. Onın' jas a'wlad ushın ta'rbıyalıq a'hmiyeti og'ada ku'shli.

Sonlıqtan da, jan'ıltpash basqa awızeki xalıq u'lgilerinen o'zine ta'n janrlı o'zgesheligi menen ayrılıp turadı. Sebebi, jan'ıltpashtı aytıw arqalı balanın' tili seslerdi durıs aytıwg'a anıq ha'm taza so'ylewge u'yrense, ekinshiden, balanın' yadın rawajlandıradı. Al u'shinshiden bala so'z oyınına qatnasıp, ku'lkige aralasıp, estetikalıq zawıq aladı.

Jan'ıltpashlar neshe jıllar dawamında xalıq ta'repinen islenip, ju'da ıqsham, o'z aldına, o'z aldına ko'rkemlilikke iye bolıp keledi. Mısalı,

Ketpennin' basın bassa,
Tiyedi sabı basqa,
Al eger sabın bassa,
Tiyeme bası basqa.

Bul shuwmaq balanı oylandıradı, miynet quralı ketpendi ko'z aldına keltiredi. Yamasa,

Ko'k tırna,
Ko'p tırna,
Tırrıwlap tek ko'p turma.

Xalıq ta'repinen jan'ıltpashlar turmıs tirishiliginin' ha'r qıylı tematikasına baylanıslı do'retiledi. Mısalda keltirilgen janıltpashta da an'shılıq ka'sibi, an' awlaw haqqında aytılıp, qara u'ydin' keregesi yag'nıy u'yshilik tuwralı aytılıp, onın' basında turg'an an'nın' terisi menen sennin' terisin balalardı ayırıp biliwge u'yretedi.

Janıltpashlarda xalıq o'mirinin' anaw yaki mınaw tarawına, turmıs tirishiligine, ka'siplerine baylanıslı do'reydi. Adamlar arasındag'ı ku'ndelikli qarım-qatnas, bir-birine mu'na'sibeti, ku'ndelikli waqıya, ta'lim-ta'rbiya t.b. haqqında ko'plep janıltpashlar bar. Mısalı:

Sheshe kesh keshte,
Neshe kese keshte sındı.
A'dep sa'depti Medet taqtı,
Sa'det Sa'depti shenep taqtı.
Apam ko'ylegime jana jag'a saldı,
Jan'a jag'anı jan'a saldı.

Jan'ıltpashlar belgili bir syujetke qurılmaydı. Olardın' Qatar sanı da har qıylı eki qatardan, ayırımları altı, jeti qatardan, ha'tteki tog'ız qatarlısı da ushırasıp qaladı. Sonın' menen birge soraw-juwap ma'nisinde du'zilgen jan'ıltpashlardı da ko'remiz. Mısalı:

Ushtı-ushtı,
-Kim ushtı?
-Qısqısh ushtı!
Qısh ushtı.

-Qısqısh ushpas,
Qısta ushpas,
Ushsa ushar,
Qus ushar,

Jan'ıltpash janrının' xalıq arasında tutqan a'hmiyeti sonda olar birinshi gezekte so'z oyını bolıwı menen birge jas balalardın' til baylıg'ın jetilistiriwde, so'ylew sheberligin rawajlandırıwda xızmet atqaradı.

Filologiya ilimlerinin' doktorı N.Da'wqaraev jan'ıltpashlar tuwralı bılay degen edi: «Bul uyqasımlı qosıq turi menen aytılsa da namag'a salıp aytilmaydı. Bul qosıqta (ilimpaz bul jerde janıltpashlardı aytıp otır) bir tu'kles ga'pler, bir tu'kles so'zler, bir tu'kles buwınlar ko'p gezlesedi. Sonlıqtan aytıwga qıyın boladı» («Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı» 7 tom, No'kis, 1977, )-dep durıs atap o'tedi.

O'tkendegi ata-babalarımız o'z balaların shala, shulshın so'ylewinen saqlandırıw maqsetinde olardın' tilin ha'm yadın o'siriw ushın qıyın so'zlerdi qurastırıp, ko'rkemligi ha'm ta'rbiyalıq a'hmiyeti ku'shli usınday balalar oyını-Janıltpash janrın oylap tapqan. Jan'ıltpashlardın' du'zilisine itibar berip qarag'anda olar belgili bir fonemalarg'a, ko'binshe u'nsiz dawıssız seslerge qurılatug'ının bayqaymiz. Al u'nli daw'ıssız sesler esaplang'an B, V, G, D, Z, M seslerine tiykarlanıp qurılg'an janıltpashlar az ushırasadı.

Balalardın' tilin o'siriwde qurılg'an janıltpashlarg'a mısallar keltireyik.

Otındı shapsan' shap, shapsan' shap,
Otındı shapsan'shap, shaqqan shap.
Esik aldındag'ı otınnın',
Sho'psheklireginen alıp kel,
Tomarlırag'inan alıp kel,
Tu'birlireginen alıp kel.

Bul jan'ıltpashtın' mazmunında balanı miynetke umtıldırıw, shaqqanlıqqa shaqırıw ko'binse, ekinshi ta'repten so'zler shaqqan aytılıp SH,S, T, R, L sesleri aktiv qollanıladı. Balanın' tilin jatlıqtıradı ha'm yadın o'siredi. Bunnan tısqarı jan'ıltpashlardın' arasında dawıslı fonemalarg'a qurılg'an tu'rlerin de ushıratıwg'a boladı. Sonday-aq, ayırım janıltpashlarda seslerdı durıs aytıwg'a u'yretiw menen birge, balanın' qıyalın bir jerge toplawg'a, tekttin' ma'nisin durıs anıqlap alıwg'a dıqqat awdartadı. Bunday jan'ıltpashlardı da xalıq pedagogikası tabıslı islep shıqqan. Mısalı:

Bir tuttım tamırın,
Tu'rp tu'rtip turma,
Tu'rptin' tamırın,
Tut tu'rtip turma.

Ko'rinip turg'anınday mısaldag'ı «tut», «tu'rp» so'zlerin tuwrı aytıwdan tısqarı, tekstti durıs ta'kirarlaw, tuttın' ha'm tu'rpinin' turg'an orni ha'm jag'dayların bala yadta saqlap qalıw kerek.

Bunda da tekstti ha'm ondag'i so'zlerdi ha'm seslerdi durıs aytıw menen birge teren' oylılıqtı, yadta saqlaw qa'biletti talap etedi. Onda eki aral G'arg'ali aral ekenligin,onda g'azlar balalaytug'ının, ol jerdegi g'arg'alarga taz balalar duzaq qurg'anlıg'ın este saqlap qalıw kerek boladı.

Jan'ıltpashlar kishi ha'm u'lken jastag'ı balalardın' so'ylew ha'm yadta saqlaw o'zgesheliklerine qarap, qısqa ha'm uzın tekstler to'rinde du'ziledı. Balalardın' so'ylewin ha'm yadın rawajlandırıw tiykarında qısqa-qısqa qatarlı jan'ıltpashlardan, seslerdin' quramalı tu'rlerine du'zilgen tekstlerge o'tiledi. Mısalı:

Aq chaynekke ko'k qaqpaq,
Ko'k chaynekke, aq qaqpaq,
Aq qaqpaq, ko'k qaqpaq,
Ko'k qaqpaq, aq qaqpaq.

Bul janıltpash tektleri q, p seslerine qurılg'an bolıp, balag'a «aq chaynektin' qaqpag'ı aq, ko'k chaynektin' qaqpag'ı ko'k boladı»dep aytıp turg'anday seziledi. So'ylew processinde so'zlerdi tez aytıp atırg'anda da usı ayırmashılıqtı este saqlap aytıwı talap etiledi.

Jan'ıltpashlardın' qurılıs ta'rtibide qatan' uyqas tu'rinde emes, al tu'rli formada uyqasımlı qosıq tu'rinde de yaki bolmasa prozalıq uyqas tu'rinde de kele beredi. Tek g'ana olar bir tekles qıyın so'zlerden du'ziledi. Mısalı,

Esiktin' aldı qarabaraq,
Qarabaraqtın' arjag'ı, dala qarabaraq,
Ha'mme qara qasqa baspag'ın,
Qarabaraqlandırmag'a aparatır.
Mende qara qasqa baspag'ımdı,
Qarabaraqlandırmag'a aparatırman.

Bul jan'ıltpashta g' sesi dıqqatqa alıng'an ha'm usı ses qatnasatug'ın basqa da so'zlerden du'zilgen. Ulıwma aytqanda, jan'ıltpashlar balalardın' so'z oyını ushın, ku'lki ushın, tildi rawajlandırıw, yadtı jatlıqtırıw ushın do'retilgeni o'z - o'zinen ko'rinip tur. Sonın' menen birge jan'ıltpashlar turmıstı, ja'miyetlik qubılıslardı teren'irek biliwge, so'zlerdin' durıs aytıwg'a, mazmun-ma'nisin tu'siniwge, oy-pikiri rawajlanıwına tiykar salatug'ın folklordın' bir tu'ri esaplanadı.